

SOSYETE KOUKOUYAN AKSYON

Politik Pa "Make San" Nouvèl Literè

Henri-Robert Durandisse ak Michel-Ange Hyppolite

Nan yon ti vilaj nan Nò Ayiti, kote yon pwofesè yo rele Kaptenn pase lavi li ap ede elèv aprann, pandan li ap obsève fason kominote a ap lite anba difikilte san fen. Chak jou, li mache sou wout kraze, li wè timoun ki manke liv pou yo etidye, epi li tande moun ap plenyen, paske yo bezwen dlo pwòp pou yo pran swen kò yo, epi fè lenesè nan kò kay yo.

Yon apre midi, pandan li sou wout ap tounen lakay li, li pase tou pre yon gwoup jèn ki ap diskite byen fò. Yonn nan yo, ki sanble dekouraje, di: "Mwen pa nan politik, sa pa anyen pou mwen. Politik se yon aktivite ki mete san nan men moun." Yon lòt ajoute: "Se sa wi, frè m, politik se jwèt chèf. Moun, ki nan tèt yo, pran tout pou yo. Noumenm, nou pa gen okenn plas ladan."

Kaptenn kanpe yon moman, li koute pawòl yo. Li konprann yo. Menm lè, li menm tou, pafwa li te konn santi politik se yon domèn ki konplèks anpil epi ki kapab pwovoke desepsyon lakay anpil moun. Nan lespri li, rantrè nan politik se swen kòk pou Fizeme kare. Sepandan, li rete kwè si tout moun ret dezespere konsa, pa gen anyen ki pral chanje.

Li fè yon ti pwòch, li gade jèn yo nan je, epi li di: "Mwen konprann jan nou santi nou. Men, kite m pataje yon panse avèk nou. Politik pa sèlman sa chèf yo fè nan biwo yo. Politik se fason nou òganize lavi nou, fason nou pran desizyon pou nou viv ansanm. Si nou vire do bay politik, se lòt moun ki pral pran tout plas la, epi yo pa pe janm panse nan enterè nou. Konsa, nou pa dwe vire do bay politik. Nou dwe mete baliz pou moun ki nan pozisyon responsablite yo fè travay yo kòrèkteman."

Jèn yo koute. Men, kèk ladna yo fè jès ak figi yo tankou yo pa vle tande. Yon jèn gason yo rele Jozye reponn: "Men, pwofesè Kaptenn, menm si nou angaje nou, nou toujou wè moun ki antre nan politik sèvi tèt yo sèlman."

Kaptenn pran yon ti souf. Li reponn: "Wi, Jozye, mwen dakò, gen moun ki sèvi tèt yo. Men, si nou sispann patisipe, èske sa ap rann lavi nou miyò? Si ou vle wè yon chanjman, ou dwe kòmanse ak tèt ou. Aksyon politik pa oblije kòmanse gwo. Ou ka kòmanse ak ti aktivite nan katye ou: netwaye lari, kote ou sikile chak jou a, ede nan òganize reyinyon, ede moun nan kominote a ki an difikilte, yon fason pou ou fè kominote ou la mache jan li dwe mache."

Pawòl li yo touche lespri jèn yo. Apre kèk tan, Jozye ak zanmi li yo kòmanse òganize ti reyinyon nan katye a. Yo diskite sou bezwen kominote a, yo chèche solisyon ansanm, epi yo kòmanse fè aksyon pou yo amelyore lavi moun ki ap viv nan zòn lan. Aktivite sila yo te pote bon rezilta. Se kon sa, nan yon tan byen kout, kominote a te kòmanse vin genyen yon lòt figi. Lari a te pwòp. Yo te pran relèv pou yo mete lòd, sekirite lavi moun nan katye a, elatriye. Pawòl la gaye. Sa te lakòz lòt moun vin patisipe nan travay yo te kòmanse a.

Yon ane apre, Jozye vin reprezantan jèn yo nan kanton an. Li aprann nan men Kaptenn, chanjman pa fèt ak gwo jès, men ak ti aksyon ki kole ansanm pou yo kreye yon gwo mouvman.

Politik, jan Kaptenn te espliche yo li, pa yon domèn aktivite ki rezève pou chèf ak gwo zotobre. Li se yon modèl fonksyonman tout moun ka itilize pou yo amelyore lavi yo. Politik pa yon jwèt ki "make san," men yon fason moun yo òganize kominote, kote yo ap viv la, vil yo, peyi yo, elatriye. Se yon fason pou yo rive bati yon avni kote tout moun va jwenn plas yo, fè tande vwa yo, epi kreye opòtinite ki pèmèt yo amelyore lavi yo.

Ayiti, Ou Se Fyète Mwen

HENRI-ROBERT DURANDISSE

Ayiti, ou se chalè solèy ki leve dousman,
Yon limyè ki balanse sou lavi an dousè.
Ou se souf van tanbou ki fè nanm mwen danse,
Ou se palmis ki kenbe tèt li byen wo,
Menm lè dlo k ap koule an silans tranpe rasin ou.
Doulè ou se yon chante ki blayi lapenn nan kè mwen,
Men nan mitan chagren, ou toujou bèl.
Ou se manman ki pote tout chay san yon mo,
Yon kè solid ki bat menm lè li blese pi fon.
Mòn ou yo leve tankou bra ki louvri anba syèl,
Rivyè ou yo koule pote lespwa patou sou zile a.
Chak flè ki pouse nan tè ou se yon mirak,
Yon souvni ki toujou pouse rèv,
Oumenm, Ayiti, ou se rasin ki gade nou dyanm.
Politik krazonnen ou, ou pèdi tranquilite ou,
Men nan mitan dezòd, ou chèche lanmou ak kè poze.
Ou se flanm ki pa janm mouri,
Yon tè ki rakonte istwa fòs ak detèminasyon.
Ayiti, ou se fyète mwen, ou se nanm mwen,
Ou se vwa ki rale m tout kote m pase.
Malgre tout chay k ap peze sou do ou,
Mwen kontinye renmen ou pi plis chak jou,
Paskè ou se lavi, ou se lanmou ki p ap janm disparèt.

YON LESPWA KI LEVE NAN DEBRI 12 JANVYE 2010

Otè: Henri-Robert Durandisse
Powèt / Ekriven

Pòtoprens, yon vil ki te deja fèb anba chay povrete, te vin tounen yon teren dezolasyon apre tranblemann tè 12 janvye 2010 la. Tè a te souke, kraze, touye, epi li kite dè milye moun san zespwa. Pami tout moun sa yo, te gen yon jèn gason yo rele Babou. Li te pèdi tout sa li te genyen: paran li yo, kay li, e menm kèk nan zanmi pwòch li yo. Men, nan mitan dezaz la, Babou te gen yon rèv ki pa te janm ka kraze: se fason peyi li te kapab devlope yon sosyete, kote lalwa ak lajistis pou tout moun ta sèl kòk chante.

Nan silans debri yo

Babou te chita yon jou sou yon gwo wòch ki te

kanpe tankou yon moniman tranbleman tè a. Nan tèt li, li t ap mande:

"Pou ki sa nou toujou soufri konsa? Ki sa nou ka fè pou chanje desten nou?"

Li pa te ka bliye rèl moun ki te pèdi tout sa yo te genyen, ni figi moun ki te kanpe ap tann èd ki pa te janm vini.

Pandan li t ap reflechi, Babou te kòmanse santi yon kòlè ki t ap anvayi tout kò li. Men, kòlè sa a pa te yon kòlè dezòdone; se te yon kòlè ki pran yon direksyon ki te vrèman klè:

"Si Ayiti dwe geri, sa dwe soti nan noumenm. Pa gen lòt moun ki ap vin sove nou."

Rasanbleman premye jèn yo

Babou te konnen li pa te ka fè anyen poukont li. Yon apre midi, li rasanble kèk lòt jèn ki te pèdi espwa nan yon lakou ki te chaje ak debri. Yo chita anba yon pye mango ki te kòmanse pèdi fèy li yo. Babou gade yo epi li di:

"Frè m ak sè m yo, èske nou panse nou ka kontinye viv konsa? Nan tann èd ki ap vini nan yon moman nou pa menm konnen. Pou ki nou pa leve kanpe pou nou bay vi nou yon sans? Nou pa gen anpil richès finansye, men nou gen tèt nou, bra nou, ak istwa nou. Nou dwe kòmanse piti piti joutan nou rive chanje lavi nou!"

Yon ti fi nan gwoup la, Lila, te leve men li: "Men Babou, ki sa nou ka fè? Nou pa gen manje, ni dlo, ni okenn lòt mwayen."

Babou gade Lila ak yon konviksyon ki fèm. "An nou kòmanse ak sa nou genyen. Ann kolekte wòch, bwa, epi fè yon espas kote nou ka reyini. Ann pote dlo pou moun ki swaf. Nou pa bezwen tann. Ann fè tankou yon zwazo. Se piti piti li bati kay li."

Yon premye aksyon kolektif

Kòm Babou te pwopoze li, yo kòmanse travay. Yo kolekte wòch yo te jwenn nan debri yo, ranje yo pou yo fè yon ti tonèl, kote moun ka chita. Yo te mache yon bon distans pou ale chache dlo pou moun ki te gen bezwen ijant. Pandan travay la, moun yo te chante, pataje, ri ansanm epi dekouvri yon fòs dyanm ki danse sou yo.

Yon granmoun, Tonton Michel, ki t ap gade yo, di Babou:

"Mwen te toujou ap mande si jèn tankou nou yo te ka fè sa nou fè la a. Nou fè mwen kwè sityasyon peyi nou an, Ayiti cheri, kapab chanje. Mèsi anpil!"

Babou reponn avèk modèsti: "Tonton, sa a se sèlman yon premye pa. Nou dwe kontinye travay ansanm si nou vle Ayiti leve epi chanje."

Refleksyon nan kè Babou

Nan mitan lannwit, pandan lòt moun t ap dòmi, Babou chita pou kont li anba pye mango a. Nan refleksyon li, li t ap mande tèt li:

"Èske mwen vrèman ka fè yon diferans? Èske sa n ap fè a ase?"

Men, yon lòt vwa reponn anndan li: "Pa gen anyen ki piti depi li sèvi pou fè moun viv pi byen."

Son memwa manman li te tounen nan tèt li. Li te toujou di li:

"Babou, ou gen yon fòs anndan w ki ka fè mirak. Pa janm bliye sa."

Pawòl sa yo te ba li yon lòt souf, yon lòt kouraj pou li pèsevè.

Yon kominote ki leve ansanm

Nan mwa ki te vin apre yo, travay Babou te kòmanse fè efè. Tonèl yo te bati a tounen yon espas kote moun te ka reyini, pale sou pwoblèm yo, epi planifye solisyon ansanm. Yo te kòmanse netwaye lari a, plante pyebwa, epi pataje resous yo.

Lila, ki te gen dout nan kòmansman an, te tounen yon lidè ki enspire lòt moun.

"Babou, ou te fè m wè nou ka fè plis pase sa mwen pa te janm panse. Ou fè m kwè Ayiti gen pouvwa si nou travay ansanm."

Babou reponn avèk yon ti souri: "Se pa mwen, Lila. Se nou tout ansanm. Revolisyon sa a pa repoze sou mwen sèlman; li se responsablite nou tout. Ankenn nan nou pa dwe rete dèyè. Yon sèl nou ka echwe; ansanm nou se laviktwa."

Yon revolisyon k ap geri Ayiti

Kominote Babou a pa te ka chanje tout Ayiti, men aksyon yo te kòmanse fè bri nan plizyè lòt zòn. Moun ki nan kominote ki pre yo te vini pou yo te aprann nan men ekip Babou a fason pou yo rive mete men nan katye pa yo. Travay sa yo pa te konplike. Men, yo te bay prèv chanjman kapab soti nan refleksyon-planifikasyon-aksyon-evalyasyon-rekòmansman. Epi, aksyon sa yo sipoze kolektif, paske yo baze sou solidarite ak vizyon.

Babou aprann yon gwo verite pandan batay la ap vance: Revolisyon pa vle di absoliman batay ak zam. Li vle di, leve tèt ou, travay ansanm, epi kwè yon lòt reyalyte posib.

Nan fen istwa a, Babou kanpe arebò yon pyebwa ki te rekòmanse boujonnen. Li souri pandan li di tèt li:

"Nou ka geri Ayiti. Nou kapab pran swen peyi nou an. Se vre, se pa fasil, men li posib, wi nou kapab. Revolisyon an ap kontinye, pa gen penyen lage sa, ni dekourajman. An nou mache pou pi devan. Devan tout difikilte, nou ap fè de pa dèyè, twa pa devan. Konsa, nou ka fè ladiferans."

Yon leson pèmanan

Revolisyon an pa te yon mouvman kote nou fè aksyon fizik sèlman. Li te tounen yon leson ki ka pèmèt nou amelyore vi nou, vi kominote a. Tonèl yo te konstui a pa te sèlman yon espas reyinyon, li te an menm tan yon senbòl esperans nan laviktwa.

Yon jou, pandan Babou te ap pale nan yon reyinyon anndan kominote a, yon dam nan laj avanse, Manman Altgrasya, te leve men li epi li di:

"Pitiit mwen, sa w ap fè a se pa sèlman pou Ayiti; li se yon modèl pou lemonn antye. Mwen pa te janm panse moun pòv tankou nou te ka leve kanpe pou chanjman. Ou ban mwen kouraj pou mwen kwè nan fòs mounite nou."

Pawòl sa yo te touche Babou anpil. Li te reyalize travay li a te depase debri kote li te kòmanse a. Pandan li te ap reflechi, istwa anpil moun ap pase nan tèt li. Li te wè menm nan mitan dezolasyon, moun yo ka rasanble fòs yo pou yo chanje reyalyte yo.

Lila: yon lidè ki pran plas li

Lila, ki te kòmanse ak anpil dout, te vin yon pilye nan mouvman an. Li te jere pwojè edikasyon an avèk pasyon. Yo te kontui yon sant pou yo fè lekòl. Sant lan te kòmanse gen elèv ki pa te sèlman vin aprann li ak ekri, men ki te rive konprann nesesitye pou yo devlope yon nouvo fason pou yo wè tèt yo. Lila te fè tout elèv yo konprann edikasyon pa sèlman yon zouti pou jwenn travay, men yon zouti pou libere tèt yo.

Yon jou, pandan li t ap bay timoun yo leson sou istwa Ayiti, li di yo:

"Nou soti nan ras moun ki lib. Revolisyonè yo te fè gwo sakrifis pou nou ka kanpe kote nou ye la a jounen jodi a. Si nou pa pran responsablite nou pou kontinye travay sa a, nou ap pèdi plis pase tout sa tranbleman tè a kraze yo."

Timoun yo te gade li ak admirasyon, e yo te kòmanse konprann yo te yon pati nan yon istwa ki pi gwo pase yo. Lila te fè yo kwè nan fòs yo ak nan kapasite yo pou yo fè diferans nan lavi pa yo epi nan lavi moun ki alantou yo.

Solidarite San Limit

Pandan mouvman an t ap grandi, lòt gwoup te vin enterese nan modèl solidarite yo devlope a. Òganizasyon lokal ak entènasyonal te kòmanse vizite kominote a pou yo aprann sou sa yo te fè. Men, Babou te toujou vle evite pou mouvman pèdi idantite li.

Nan yon rankont ak yon gwoup ki soti lòt bò dlo, Babou te di:

"Nou pa refize èd, men nou vle èd sila a rive jwenn nou nan yon fason ki respekte sa nou ye, sa nou vle ak sa nou bezwen. Sa n ap bati la a dwe soti nan pèp la, pou pèp la, paske nou pa ka tann tout chanjman soti lòt kote. Nou se yon pèp ki fyè. Lòt pèp pa sipoze fè nou sèvi machpye."

Yon Demen ki Klere

Ane yo te pase. Mouvman t ap vale teren. Lila te toujou la nan kominote a. Babou te tounen yon lidè nasyonal ki te toujou ap suiv yon seri prensip ki di revolisyon an dwe soti nan zantray moun ki konsène yo. Timoun ki te aprann nan sant edikasyon an te vin pwofesè, teknisyen, ak antreprenè ki t ap fè pwojè te kontinye ap travay pou yo mennen chanjman nan peyi a.

Yon apre midi, pandan Babou t ap mache nan jaden kominote yo te bati a, li te gade Lila ki t ap montre yon gwoup jèn fason pou yo plante pyebwa. Li souri epi li di:

"Nou te kòmanse ak yon ti espwa, men gade kote sa mennen nou jodi a. Lila, travay ou fè a se prèv revolisyon pa sèlman nan mo; li soti nan tèt, li jèmèn nan zantray epi li transfòmè nan aksyon nou fè chak jou."

Lila reponn ak modèsti: "Babou, se ou ki te fè nou kwè nan sa. Revolisyon ou te kòmanse a ap viv nan tout sa n ap fè pou tout tan gen tan."

Pawòl Kreyòl
Revi literè Sosyete Koukouy
Revi no. 2

Nan memwa tout moun ki touche nan tranblemann tè 2010 la

Lomeyans pou Ayiti

Literati nan rekonstriksyon peyi Ayiti
Sitàdèl memwa 12 janvye 2010
Lavi Pierre Vernet : youn manilès pou listwa
Wòl entelektiyèl nan literati jekere peyi Ayiti
Leksik konpare: kreyòl ginen ak kreyòl ayisyen
Istwa ak evolisyon lwa sou lanng kreyòl ayisyen an
Mèt lawouze

sosyete Koukouy kanada@gmail.com

Volim 2 - Ane 2011